



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO, LIDÈ SENA STEWART-COUSINS AK PREZIDAN ASANBLE A HEASTIE TE VOYE YON LÈT KONJWEN BAY DELEGASYON KONGRÈ NEW YORK LA KI SOULIYE BEZWEN IJAN POU ÈD FEDERAL POU GOUVÈNMAN ETA AK LOKAL YO

Eta a bezwen 30 milya dola pou èd nan de pwochè ane yo pou Eta ka ranpli obligasyon li yo

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Asanble a Carl Heastie te voye yon [lèt konjwen](#) bay Delegasyon Kongrè New York la ki souliye nesese ijan pou èd federal pou gouvènman eta ak lokal yo nan pake sekou yo prevwa a. Eta a bezwen 30 milya dola pou èd nan de pwochè ane yo pou li ka ranpli obligasyon li yo.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

Kòm ou konsidere dènye pasaj lejislasyon an ki adrese kriz COVID ak enpak li yo sou eta ak sou nasyon nou an, nou mande konsiderasyon ou nan bagay sa yo:

Pwosesis pou konstwi Bidjè Eta New York ane sa a te san parèy. Yo te adopte li pandan ekonomi nou an te fèmen, epi nan yon moman kote revni eta ak lokal yo te tonbe an chit lib Kantite yo te bay nan bidjè yo te adopte a te fèt efektivman tou depan de resi èd federal sipleman tè a.

Depi lè pwomilgasyon bidjè eta a, epi avèk asistans ou daprè pake èd anvan yo, Eta New York te etabli tèt li kòm yon lidè nasyonal nan demontre ke trajektwa viris sa a ka sèlman chanje lè moun yo travay ansanm. mezi ke ou pran nan jou k'ap vini yo pou adrese anpil bezwen pandemi an ka sèvi pou ranfòse efò sa yo pandan n'ap tranzisyon eta nou an nan pwochè faz ki nesese nan rekiperasyon ekonomik.

Kòm nou anvizaje lejislasyon pou bay eta yo ak gouvènman lokal yo soulajman finansye, nou dwe avize ke minimòm ki nesese pou Eta New York kouvri defisi fonksyonman li yo pandan n'ap pwomote an menm tan sante ak sekirite piblik se 30 milya dola sou yon peryòd de ane. Si ou pa rive bay fon esansyèl sa yo, sa ta kite eta nou an ak chak kominote ki ladan li nan yon sityasyon finansye ki frajil.

MTA a rete kè ekonomi Eta New York la, e kriz sante piblik sa a te afekte finans li yo yon fason dramatik, ak MTA dènyèman afiche yon defisi ki evalye a 12 milya dola. Èd ou ki te rive ata atravè Lwa CARES (CARES Act) la te esansyèl pou fè MTA a pare pou li re-ouvri san danje, men asistans adisyonèl nesèsè pou soutni operasyon chak jou li yo nan yon nivo ki sifizan pou satisfè bezwen pi gwo zòn metwopolitèn lan, e menm pou asire prezans li kòm yon motè ekonomik nan kominote yo nan tout kwen eta a.

Menm jan tou, Otorite Pòtyè (Port Authority) a, ki gen revni ki sòti nan frè enstalasyon transpò, ap souffri anpil nan peryòd sa a pliske resi yo redwi. Plan kapital Otorite Pòtyè a bezwen 3 milya dola pou yo kontinye amelyorasyon yo antreprann nan ayewopò John F. Kennedy ak LaGuardia Airport—ki se pyès santral rezijans New York yo—pou asire ke Nouyòkè yo gen aksè a enstalasyon transpò modèn.

Kòm ou konnen, depans sa yo nan kriz sante piblik la agrave pa pèt dramatik eta a ak kontribyab li yo sibi pa pwomilgasyon refòm federal SALT yo. Li esansyèl pou gen yon restorasyon konplè nan dediksyon SALT—jan yo prevwa nan Lwa HEROES a—ki reyisi nan deliberasyon Sena yo epi yo dwe enkli li nan pasaj final la.

Nan plizy mwa ki sot pase yo, nou te asire atravè anpil etap yo nan pwosesis lejislatif la ke bezwen eta a ak bezwen lokal yo ta dwe adrese nan lejislasyon ki vin apre. Menm jan li parèt ke nou rive nan fen wout sa a kounye a, li esansyèl pou ke nou resevwa asistans sa san retade.

Nou remèsye w anpil pou efò ou yo nan non Nouyòkè yo nan tout pandemi an epi nou espere rezolisyon favorab nan zafè ki pi wo yo pou kenbe vitalite sante, sekirite ak vitalite ekonomik nan Eta New York.

Gouvènè Andrew M. Cuomo
Lidè Majorite Sena Eta New York la Andrea Stewart-Cousins
Pòtpawòl Asanble Eta New York la (New York State Assembly) Carl E. Heastie

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)